Avi sou Pratik Konfidansyalite

Dat li kòmanse: 26 Mas 2013
(Revize: 1 fevriye 2026)

AVI SA A DEKRI FASON NOU KA ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU AK FASON OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI REVIZE AVI SA A AVÈK ANPIL ATANSYON.

Antanke paran/gadyen legal yon pasyan minè nan Nicklaus Children's, ou se "reprezantan pèsonèl" pasyan an. Lè w ap li Avi sa a, tanpri konprann lè nou itilize mo "ou" nou vle pale de pasyan pedyatrik la.

Aplikabilite Avi a - Avi sa a dekri pratik konfidansyalite Nicklaus Children's ak antite afilye yo, sa gen ladan Nicklaus Children's Hospital ak etablisman pasyan ekstèn yo ki mansyone sou paj siyati a. Chak nan antite afilye sa yo se antite konsène legalman yon fason separe, men pou objektif règ sou konfidansyalite HIPAA, yo deziyen tèt yo kòm yon sèl antite konsène epi yo chak pral respekte kondisyon ki nan Avi sa a. Pou objektif Avi sa a, mo "nou" ak "n" itilize nan Avi sa a pou deziyen Nicklaus Children's ak etablisman li yo ak antite afilye li yo, sa gen ladan Nicklaus Children's Hospital ak etablisman pasyan ekstèn yo. Chak nan antite sa yo gendwa pataje enfòmasyon youn ak lòt pou rezon tretman, peman oswa operasyon swen sante jan li dekri nan Avi sa a.

Obligasyon pou zafè Konfidansyalite - Lalwa egzije Nicklaus Children's prezève enfòmasyon sou sante ki konsène w ki kapab idantifye w ("Enfòmasyon sou Sante Pwoteje" oswa "Protected Health Information, PHI"), li egzije pou ba w Avi sa a sou devwa legal nou yo ak sou pratik konfidansyalite nou yo konsènan PHI ou, li egzije pou enfòme w apre yon vyolasyon enfòmasyon sou sante pwoteje epi respekte kondisyon nan Avi sa a ki anvigè aktyèlman. Nou gen dwa pou nou chanje Avi sa a. Nou gen tout dwa pou nou fè avi ki revize oswa avi ki chanje a antre anvigè pou enfòmasyon medikal nou genyen deja sou ou yo, ansanm ak pou nenpòt enfòmasyon nou resevwa alavni. N ap poste yon kopi Avi aktyèl la nan chak anplasman ki idantifye anba la a. Avi a ap gen nan li dat antre anvigè a. Y ap mete yon kopi Avi aktyèl la aladispozisyon w lè w anrejistre odepa nan Nicklaus Children's pou tretman oswa pou sèvis, sou demann ou, epitou nan vizit annapre yo si Avi a te revize.

Angajman Nou - Nou konprann tout enfòmasyon ki konsène oumenm ak sante w se bagay ki pèsonèl. Nou pran angajman pou pwoteje enfòmasyon sa yo. Lè w resevwa sèvis nan Nicklaus Children's, yo kreye yon dosye medikal. Dosye sa a dekri sèvis yo te ba w yo epi dosye a nesesè pou ba w swen kalite siperyè ak pou respekte sèten egzijans legal. Avi sa a aplike pou swen Nicklaus Children's pwodui, kit se yon anplwaye Nicklaus Children's oswa yon doktè ki enplike nan swen w yo nan Nicklaus Children's ki bay swen yo. Avi sa a fè w konnen nan ki fason nou kapab itilize ak kominike enfòmasyon medikal ou. Epitou, li dekri dwa w ak sèten obligasyon nou genyen konsènan fason pou itilize ak kominike enfòmasyon medikal ou yo.

FASON NOU KA ITILIZE AK KOMINIKE ENFÒMASYON MEDIKAL OU

Kategori ki apre la yo dekri nan ki diferan fason nou itilize enfòmasyon sou sante w, sa gen ladan enfòmasyon sou sante ki depann de 42 CFR Pati 2, jan sa aplikab, epi lòt lwa aplikab ki pi estrik, epi nan ki fason nou gendwa kominike enfòmasyon w yo bay moun ak antite deyò Nicklaus Children's. Nou pa te endike tout itilizasyon oswa divilgasyon andedan kategori yo, men tout itilizasyon ak divilgasyon otorize yo ap tonbe nan youn nan kategori ki apre la yo:

Itilizasyon ak Kominikasyon pou Tretman, Peman ak Operasyon Swen Sante: PHI ou gendwa itilize pou trete w, pou jwenn peman pou sèvis yo ba w ak pou fè "operasyon swen sante" jan li dekri anba a:

Tretman - Enfòmasyon sou sante w ka itilize ak kominike pou ba w tretman ak lòt sèvis – pa egzanp, pou fè dyagnostik ak trete blesi oswa maladi w. Nou gendwa kominike PHI ou bay doktè, ennfimye/enfimyè, teknisyen, etidyan medsin, estajyè, oswa lòt pèsonèl ki enplike nan pran swen w pandan vizit ou lakay nou oswa bay moun deyò Nicklaus Children's ki fè pati ekip swen sante w tou.

Peman - PHI ou gendwa itilize epi kominike bay konpayi asirans ou oswa yon lòt tyès pati pou kolekte peman pou sèvis. Pa egzanp, nou ka bezwen bay plan sante w enfòmasyon sou operasyon ou te fè pandan w isit la pou yo ka peye nou oswa ranbouse w. Epitou, nou gen dwa enfòme plan sante w pou yon tretman ou pral resevwa pou nou kapab jwenn otorizasyon davans oubyen pou detèmine si plan ou an pral kouvri tretman an.

Eksepsyon - Si w peye okonplè ak lajan ki sot nan pòch ou pou yon atik oswa yon sèvis swen sante, ou gen dwa pou limite sèten divilgasyon enfòmasyon sou sante w (PHI) bay plan sante w la (gade nan seksyon sou 'Dwa pou mande restriksyon' an).

Operasyon Swen Sante - Nou gendwa itilize epi kominike PHI ou nan kad operasyon swen sante nou yo. Pa egzanp, PHI ou gendwa itilize pou fè aktivite asirans kalite, pa egzanp pou evalye kalite ak konpetans doktè, enfimye/enfimyè ak lòt travayè swen sante; pou fè aktivite sèvis kliyan, oswa pou mennen ankèt sou plent. Epitou nou gendwa kominike enfòmasyon sa yo bay patnè komèsyal nou yo ki ede nou nan fonksyon administratif ak nan lòt fonksyon. Nou egzije pou patnè komèsyal nou yo pou pwoteje enfòmasyon sou sante pasyan nou yo yon fason ki apwopriye.

Rapèl pou Randevou/Lòt Chwa Tretman/Benefis ak Sèvis Anrapò ak Sante - Nou gendwa itilize epi kominike PHI ou a pou kontakte w pou fè w sonje randevou yo oswa pou enfòmasyon sou lòt chwa tretman oswa lòt benefis ak sèvis anrapò ak sante ki gendwa enterese w.

Echanj Enfòmasyon sou Sante - Nou patisipe nan sèten echanj enfòmasyon sou sante kote nou gendwa kominike PHI ou, jan lalwa egzije oswa pèmèt, bay lòt founisè swen sante oswa antite swen sante pou tretman, peman, ak operasyon swen sante. Nou gendwa jwenn aksè tou nan PHI ki konsève kay lòt antite, rezo echanj enfòmasyon sou sante ak plan sante pou objektif tretman, peman, ak operasyon swen sante. Sof si lalwa egzije sa, ou gendwa chwazi pou w pa resevwa sèvis sa a; pou fè sa, kontakte Jesyon Enfòmasyon Sante nan (305) 669-6412.

Aktivite pou Kòlèk Lajan - Nicklaus Children's gendwa itilize oswa kominike enfòmasyon sou sante w pou kontakte w nan yon efò pou kolekte lajan pou òganizasyon nou an ak pou operasyon li yo. Nou gendwa kominike enfòmasyon sa yo bay Nicklaus Children's Hospital Foundation pou ede nou nan aktivite kòlèk lajan nou yo. Se sèlman enfòmasyon kontak tankou non w, adrès ou ak nimewo telefòn ou, ansanm ak dat ou te resevwa tretman oswa sèvis nan Nicklaus Children's ki pral kominike. Ou gen dwa pou w chwazi nenpòt ki lè pou w pa resevwa kominikasyon pou kòlèk lajan epi yo dwe respekte demann ou an.
Si w vle chwazi pou w pa resevwa kominikasyon anrapò kòlèk lajan, tanpri avize Responsab Konfidansyalite nou an alekri oswa fè demann pou refize a avèk èd metòd yo ba w la avèk chak kominikasyon pou kòlèk lajan.

Divilgasyon pa aksidan - Nou gendwa fè sèten itilizasyon oswa divilgasyon PHI ou yo pa aksidan oswa envolontèman. Pa egzanp, pandan founisè swen sante w la ap eksplike w pwoblèm medikal ou a, yon moun k ap mache bò zòn tretman an ka tande yon ti pati nan konvèsasyon an. Nou fè efò rezonab pou limite divilgasyon pa aksidan sa yo.

SITIYASYON KOTE OU GEN POSIBLITE POU AKSEPTE OSWA POU OPOZE W AVÈK ITILIZASYON AK DIVILGASYON PHI OU

Foto - Nou gendwa pran foto ak imaj pou ofri pi bon idantifikasyon pasyan pou rezon sekirite, ak pou pwosedi faktirasyon.

Anyè Lopital la - Nicklaus Children's Hospital gendwa mete non w, kote ou ye nan lopital la, eta sante jeneral ou (pa egzanp pasab, stab, eksetera) ak afilyasyon relijye ou nan yon anyè pasyan san jwenn otorizasyon w sof si ou opoze w pou yo pa mete w nan anyè a. Alesepsyon ki relijyon w ye, yo ka kominike enfòmasyon ba moun ki mande pou ou pa non w. Afilyasyon relijye w ka kominike ba yon manm klèje, menm si yo pa mande pou ou pa non w. Yo fè sa dekwa pou fanmi, zanmi w ak klèje yo ka rann ou vizit nan lopital la, ak pou yo ka konnen kijan w ye anjeneral.

Moun ki enplike nan swen w oswa nan peman pou swen w - PHI ou gendwa kominike bay yon manm fanmi, yon zanmi oswa yon lòt moun nan limit ki nesesè pou ede pou swen sante w oswa pou peman pou swen sante w. Anvan nou kominike enfòmasyon medikal ou bay yon moun ki enplike nan swen sante w oswa nan peman pou swen sante w, n ap ba w posiblite pou opoze w ak itilizasyon oswa divilgasyon sa yo. Si w pa prezan, oubyen sizoka ou pa kapab oswa nan yon ijans, n ap kominike enfòmasyon medikal ou yo dapre jijman pwofesyonèl nou pou wè si divilgasyon an ta nan pi bon enterè w.

Nimewo Telefòn Mobil - Lè w ban nou nimewo telefòn mobil ou, ou aksepte pou w resevwa kominikasyon sou aparèy mobil ou a. Nou pa responsab okenn frè konpayi telefòn mobil ki gendwa apliken.

SITIYASYON ESPESYAL KI PA EGZIJE OTORIZASYON W

Nan sèten sikonstans, lwa yo nan nivo federal oswa eta gendwa egzije oswa pèmèt nou kominike PHI ou ba ajans ki apre la yo san okenn pèmisyon aloral oswa alekri nan men w

Otorite Sante Piblik/Ajans Sipèvizyon Sante - Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ou pou aktivite sante piblik, sa gen ladan pou rapòte maladi, blesi, evènman vital tankou nesans oswa lanmò, ak pou fè siveyans, ankèt ak/oswa entèvansyon nan domèn sante piblik. Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ou bay yon ajans siveyans sante pou aktivite siveyans lalwa otorize, sa gen ladan odit, ankèt, enspeksyon, lisans oswa aksyon disiplinè, pwosedi oswa aksyon administratif ak/oswa legal..

Abi oswa Neglijans - Annakò avèk lwa nan nivo federal ak eta, nou gendwa kominike PHI ou lè sa konsène abi, neglijans, oswa vyolans domestik. Nou oblije rapòte soupson abi oswa neglijans sou timoun oswa granmoun vilnerab bay Liy Asistans Santral Abi Depatman Timoun ak Fanmi Florid la.

Patnè Komèsyal yo - Nou gendwa kominike PHI ou bay patnè komèsyal nou yo pou fè tretman, peman, oswa operasyon swen sante. Pa egzanp, nou gendwa kominike PHI ou pou faktirasyon, transkripsyon, oswa konsiltasyon pou reyalize sèvis nou yo.

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal/Ajans Florid pou Administrasyon Swen Sante ("Ajans lan") - Nou gendwa kominike PHI ou lè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini egzije sa nan kad yon ankèt oswa yon detèminasyon konfòmite nou avèk lwa aplikab yo. Nou gendwa kominike PHI ou bay ajans lan pou rezon kontwòl depans swen sante oswa pou reponn yon sitasyon.

Nan kad pwosedi jidisyè ak administratif yo - Nou gendwa kominike PHI ou nan nenpòt aksyon sivil oswa kriminèl, sof si lalwa entèdi sa, pou reponn yon òdonans tribinal oswa yon òdonans administratif oswa si yon sitasyon oblije nou prezante nan yon depozisyon, odyans prèv, oswa yon pwosè, men sèlman si yo te fè efò pou enfòme w pou demann lan.

Aplikasyon Lalwa - Nou gendwa kominike PHI ou bay yon ajan fòsdelòd oswa bay egzaminatè medikal la pou alète yo pou yon lanmò nou kwè ki gendwa rezilta yon konduit kriminèl. Nou gendwa avèti yon ajan fòsdelòd si w te blese nan yon aksidan veyikil amotè epi nivo alkòl nan san w pi wo pase limit legal la. Nou oblije rapòte bay otorite fòsdelòd lokal yo nenpòt blesi pa bal oswa blesi ki mete lavi an danje ki endike yon zak vyolans.

Òganizasyon Sekirite Nasyonal ak Ransèyman - Nou gendwa kominike PHI ou pou fonksyon gouvènmantal espesyalize, tankou aktivite sekirite nasyonal ak ransèyman, ak pou bay sèvis pwoteksyon pou Prezidan an..

Kowonè, Egzaminatè Medikal, ak Responsab Ponp Finèb - Nou gendwa kominike PHI ou bay kowonè, egzaminatè medikal, oswa responsab ponp finèb yo, annakò avèk lwa aplikab la, pou yo akonpli devwa yo.

Òganizasyon Don Ògàn ak Tisi - Si w se yon donatè ògàn, nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ou bay yon òganizasyon don ak akizisyon ògàn.

Ajan Konpansasyon Travayè yo - Nou gendwa kominike PHI ou pou konpansasyon travayè oswa pwogram menm jan.

Otorite Kòmandman Militè - Si w se yon manm fòs lame amerikèn yo, nou gendwa kominike PHI ou jan otorite militè yo mande yo.

Enstitisyon Koreksyonèl yo - Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ou bay yon enstitisyon koreksyonèl ki gen lagad legal ou si sa ta nesesè pou sante w ak pou sante ak sekirite lòt moun.

Sikonstans Dijans ak Sekou nan Katastwòf - PHI ou ka itilize oswa kominike bay yon antite piblik oswa prive ke lalwa oswa konstitisyon antite a otorize pou ede nan efò sekou pou katastwòf (tankou Lakwa Wouj).

Pou Evite yon Menas Grav pou Sante oswa Sekirite - Nou kapab itilize ak kominike enfòmasyon medikal ki konsène w lè sa nesesè pou evite yon menas grav pou sante ak sekirite w, oswa pou sante ak sekirite piblik la oubyen yon lòt moun. Sepandan, nenpòt divilgasyon ta fèt sèlman bay yon ajans oswa otorite leta ki kapab ede evite menas la

Rechèch - Nan sèten sikonstans epi akondisyon idantite w pwoteje, nou gendwa itilize epi kominike enfòmasyon medikal ki konsène w pou rezon estatistik ak pou rechèch, sa gen ladan planifikasyon rechèch ak kreyasyon pwopozisyon pou rechèch toutotan Enfòmasyon sou Sante Pwoteje yo pa retire, kopye oswa konpwomèt.

Jan Lalwa Egzije - N ap kominike PHI ou lè lwa nan nivo federal, eta oswa lokal oblije nou fè sa.

Si yon itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sou sante ki dekri anwo a nan Avi sa a entèdi oswa limite nèt dapre lòt lwa Eta a, entansyon nou se pou respete egzijans lwa ki pi estrik la.

SITIYASYON KI EGZIJE OTORIZASYON W

Pwoteksyon Espesyal pou VIH, Abi Alkòl ak Sibstans, Sante Mantal, ak Enfòmasyon Jenetik - Lwa yo nan nivo eta ak/oswa federal gendwa mete restriksyon konsènan nan ki fason sèten tip PHI byen presi gendwa itilize ak/oswa ba kiyès yo gendwa kominike enfòmasyon medikal sa yo, tankou estati VIH, tretman pou abi alkòl ak sibstans, tretman sikyatrik, ak enfòmasyon jenetik. Nan ka sa yo kote itilizasyon ak/oswa divilgasyon PHI sa a limite presizeman, n ap chèche otorizasyon apwopriye nan men w, nan men reprezantan legal ou oswa nan yon tribinal administratif anvan itilizasyon oswa kominikasyon enfòmasyon sa yo.

Maketing - Nou p ap itilize PHI ou pou rezon maketing san otorizasyon w. Si w te bay konsantman w pou w resevwa enfòmasyon maketing men ou pa vle resevwa plis enfòmasyon ankò, tanpri enfòme Responsab Konfidansyalite nou an alekri pou fè demann pou dezabòne w.

Lavant PHI - Nou p ap kominike PHI ou an echanj okenn konpansasyon finansye san otorizasyon w.

Rechèch - Nou gendwa kominike enfòmasyon sou sante w ba chèchè yo apre ou te siyen yon otorizasyon alekri byen presi pou yon etid rechèch byen presi. Nan sikonstans ki trè limite, nou gendwa kominike enfòmasyon sou sante w bay chèchè yo lè Komite Revizyon Enstitisyonèl la (Institutional Review Board, IRB) bay yon dispans apre li fin asire gen mezi pwoteksyon an plas pou pwoteje vi prive w. Yon IRB se yon komite ki responsab pou pwoteje moun ki patisipan nan rechèch epi asire rechèch la dewoule nan yon fason etik. Tout pwojè rechèch yo depann de apwobasyon espesyal IRB an. Enfòmasyon sou sante w p ap itilize epi yo p ap mande w pou w patisipe nan yon pwojè rechèch yon IRB pa te egzamine ak apwouve.

Lòt Itilizasyon ak Divilgasyon PHI Ou - Lòt itilizasyon ak divilgasyon PHI ou ki pa kouvri nan avi sa oswa nan lwa ki aplike pou Nicklaus Children's, ap fèt sèlman avèk pèmisyon (otorizasyon) w alekri, ki se yon otorizasyon ki gendwa anile jan li dekri anba a.

DWA OU KONSÈNAN ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE W

Dwa pou Mande Restriksyon - Ou gen dwa pou w mande mete limit sou itilizasyon enfòmasyon medikal ou yo pou tretman, peman oswa operasyon swen sante. Ou gen dwa tou pou mande nou mete yon limit nan enfòmasyon medikal nou kominike ki konsène w bay yon moun k ap patisipe nan swen w oswa nan peman pou swen w yo, tankou manm fanmi oswa zanmi. Pa egzanp, ou ka mande pou nou pa kominike enfòmasyon sou yon operasyon ou te fè. Pou mande restriksyon, demann lan dwe fèt alekri bay Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante Nicklaus Children's. Si founisè swen sante w kwè li nan pi bon enterè w pou pèmèt itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou sante pwoteje w, yo p ap mete restriksyon sou enfòmasyon sou sante pwoteje w yo. Si Nicklaus Children's aksepte restriksyon ki mande a, nou pa gendwa itilize ni kominike enfòmasyon sou sante pwoteje w yo an vyolasyon restriksyon sa a sof si sa nesesè pou bay tretman dijans.

Peman ki sot nan pòch ou - Si w fè yon peman konplè nan moman ou resevwa yon atik oswa yon sèvis nan Nicklaus Children's oswa anvan ou resevwa yo, ou gen dwa mande pou yo pa kominike bay Plan Sante w Enfòmasyon sou Sante Pwoteje w konsènan atik oswa sèvis sa a. N ap respekte demann ou an toutotan depi obligasyon finansye yo respekte

Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl - Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou osijè zafè medikal ou nan yon fason presi oubyen nan yon kote presi. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte ou nan travay oswa pa lapòs sèlman. Demann ou an dwe presize kijan oswa kikote ou vle yo kontakte w. N ap respekte tout demann ki rezonab. Pou mande restriksyon, demann lan dwe fèt alekri bay Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante.

Dwa pou Enspekte ak Kopye - Ou gen dwa pou enspekte ak/oswa resevwa yon kopi nenpòt enfòmasyon medikal ki konsève ki konsève w ki gendwa itilize pou pran desizyon konsènan swen w yo oswa peman pou swen w yo. Anjeneral, ap gen ladan dosye medikal ou ak dosye bòdwo w, men pa nòt sikoterapi. Si PHI ou a konsève nan yon fòma elektwonik (ki rele dosye medikal elektwonik oswa dosye sante elektwonik), ou gen dwa pou mande yo ba w yon kopi elektwonik oswa pou yo transmèt li bay yon lòt moun oswa yon lòt antite.
Pou enspekte ak/oswa jwenn yon kopi dosye medikal ou oswa dosye bòdwo w, ou dwe soumèt demann ou an alekri bay:

Nicklaus Children's Health System
Health Information Management Department, Attention: Director
3100 S.W. 62 Avenue
Miami, Florida 33155-3009

Nou gendwa fè w peye yon frè rezonab pou fotokopi ak pou voye dosye yo pa lapòs. Nou gendwa refize demann ou an nan sèten sikonstans limite. Si demann ou an refize, ou gendwa mande pou revize refi a. Se yon pwofesyonèl swen sante endepandan lisansye Responsab Konfidansyalite nou an chwazi ki pral fè revizyon sa yo. N ap respekte rezilta revizyon an.

Dwa pou Rektifye - Si w santi enfòmasyon ki konsène w yo pa kòrèk, ou gendwa mande nou rektifye dosye a. Pou mande yon modifikasyon, ou dwe fè demann lan alekri bay Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante nan adrès ki mansyone anwo la a. Anplis, ou dwe bay yon rezon ki kore demann ou an. Nou pa oblije konfòme nou avèk demann ou fè pou modifye dosye w.

Dwa pou Anile Otorizasyon Ou - Si w ban nou otorizasyon pou itilize oswa pou kominike enfòmasyon medikal ki konsène w, ou gendwa anile otorizasyon sa a, alekri, nenpòt lè. Si w anile otorizasyon w lan, nou p ap itilize ni kominike ankò enfòmasyon medikal ki konsène w pou rezon yo ki endike nan otorizasyon alekri w la. Nou pa kapab anile okenn kominikasyon nou te gentan fè avèk otorizasyon w, epi nou oblije konsève dosye nou yo pou swen nou te ba w. Yon fòm anilasyon alekri disponib sou demann nan Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante nou an.

Notifikasyon pou Vyolasyon - Nan sèten ka, ou gen dwa pou yo enfòme w sizoka noumenm, oswa youn nan Asosye Komèsyal nou yo, dekouvri yon itilizasyon oswa divilgasyon ki pa apwopriye nan enfòmasyon sou sante w. Avi pou nenpòt itilizasyon oswa divilgasyon konsa pral fèt annakò avèk egzijans yo nan nivo Eta ak federal.

Yon Rapò sou Divilgasyon yo - Ou gen dwa pou mande pou yon rapò sou divilgasyon yo. Sa se yon lis divilgasyon nou te fè ak PHI ou. Nou pa oblije mansyone sèten enfòmasyon, sa gen ladan (1) divilgasyon ki fèt pou tretman, peman, ak operasyon swen sante, (2) divilgasyon ki fèt avèk otorizasyon w, (3) divilgasyon ki fèt pou kreye yon seri done limite, ak (4) divilgasyon ki fèt dirèkteman ba w. Ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante nou an. Demann ou an dwe endike yon peryòd tan, epi li pa kapab pi long pase 6 ane anvan demann ou an. Demann ou an dwe endike nan ki fòm ou vle resevwa rapò a (pa egzanp, sou papye oswa nan imèl). Premye rapò ou mande nan nenpòt peryòd 12 mwa ap gratis. Pou lòt demann yo, nou ka fè w peye frè rezonab yo pou bay sèvis rapò a. N ap fè ou konnen frè ki gen pou w peye a, epi ou ka chwazi pou anile oswa modifye demann ou a anvan ou gen nenpòt frè pou w peye.

Dwa pou jwenn yon Kopi Avi sa a sou Papye - Ou gen dwa pou resevwa yon kopi Avi sa a sou papye, menm si w te aksepte pou w resevwa li elektwonikman. Tanpri kontakte nou jan li endike anba a pou w jwenn Avi sa a sou fòm ekri.

Vèsyon Lang Etranje - Si w gen difikilte pou w li oswa pou w konprann Anglè, ou ka mande yon kopi Avi sa a an Espayòl oswa an Kreyòl. Ap gen lòt lang oswa lòt fòma disponib si ou fè demann lan.

KESYON OSWA ENKYETID

Si w vle jwenn plis enfòmasyon sou pratik konfidansyalite nou yo oswa si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan Avi sa a, tanpri kontakte Responsab Konfidansyalite nou an nan nimewo ki mansyone anba a.

Si w panse yo te vyole dwa konfidansyalite w, ou gendwa depoze yon plent alekri devwa Responsab Konfidansyalite Nicklaus Children's lan nan:

Nicklaus Children's Health System
Compliance Department, Attention: Privacy Officer
3100 S.W. 62 Avenue
Miami, Florida 33155-3009
Telefòn: (786) 624-3500
Imèl: privacy@nicklaushealth.org

oswa ou kapab kontakte Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an (Health and Human Services, HHS).

Pou depoze yon plent nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, ou ka rele nan nimewo san frè 1-800-368-1019 oswa ale sou sitwèb Biwo pou Dwa Sivil la nan www.hhs.gov/ocr/privacy. Epitou, ou kapab poste yon demann alekri bay:

Centralized Case Management Operations
U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, S.W.
Room 509F HHH Bldg.
Washington, D.C. 20201

Ou p ap sibi okenn sanksyon ni vanjans p ap fèt kont ou paske w depoze yon plent.

ETABLISMAN NICKLAUS CHILDREN'S YO

Avi sa a aplike pou pratik konfidansyalite Nicklaus Children's Health System

- Nicklaus Children's Hospital
- Nicklaus Children's Urgent Care Centers
- Nicklaus Children's Outpatient Centers
- Nicklaus Children's Pediatric Specialists
- Nicklaus Children's Hospital Foundation, LLC
- Nicklaus Children's Hospital Fort Lauderdale
- Nicklaus Children's Hospital Coral Springs

Pou jwenn yon lis anplasman yo, klike sou lyen ki apre la a:
www.nicklauschildrens.org/locations

Nicklaus Children's Health System
Where Your Child Matters Most™

MAR12590GRJU-RP032026-C